

From: [Arellano, Joey](#)  
To: [Press](#)  
Subject: POU PIBLIKASYON IMEDYAT: Deklarasyon Palman Demokrat Florid la sou asasina Prezidan Jovenel Moïse la  
Date: Thursday, July 8, 2021 10:14:51 AM

---

## **POU PIBLIKASYON IMEDYAT**

8 jiyè 2021

### **KONTAKTE:**

Joey Arellano  
Adjwen Direktè Kominikasyon  
Biwo Demokratik House la  
[joey.arellano@myfloridahouse.gov](mailto:joey.arellano@myfloridahouse.gov)  
850-717-4943

## **Deklarasyon Palman Demokrat Florid la sou asasina Prezidan Jovenel Moïse la**

**TALLAHASSEE, Fla.** – Asasina Prezidan Ayisyen an Jovenel Moïse ak atak sou premyè dam la Martine Moïse fè yon gwo chòk sou Ayiti ak tout rès mond la byen bonè Mèkredi maten. Demokrat Palman Florid la pibliye deklarasyon sa yo pou bay yon repons sou zak kriminel sa.

"Mwen prezante gwo kondoleyans mwen bay tout pèp ayisyen an, e espesyalman bay fanmi Prezidan Jovenel Moïse ak Premyè Dam la Martine Moïse. N ap kontinye kontwole nouvel yo k ap sòti nan peyi Ayiti e n ap kanpe ak pèp Ayisyen an, dyaspora ayisyen an ki nan Florid al lòt kote nan mond nan" yon deklarasyon **Ko-Dirijan Bobby Dubose (D-Ft. Lauderdale)**.

"Asasina Prezidan Ayisyen an ta dwe reyèlman resevwa yon gwo kondanasyon, e yo ta dwe trennen moun ki responsab yo devan lajistis. M ap priye pou lapè ak pou yon fen nan tout ane ajitasyon sa yo ki deranje lavi pèp ayisyen an . E nou tou kondane vyolasyon dwa moun pèp Ayisyen an ap andire. Pandan n ap avanse, nou ensiste pou respekte souverènte Ayiti ak volonte pèp Ayisyen an," yon deklarasyon **Reprezantan Dotie Joseph (D-Miami)**.

"Mwen voye kondoleyans mwen bay fanmi Prezidan Jovenel Moïse, Premye Dam la Martine Moïse, ak pitit li yo. Li te byen devaste mwen lè m aprann zak brutal sa byen bonè maten an. Mwen voye lanmou m pou pèp ayisyen ak lapriyè m. M ap kontinye travay pou lapè pandan n ap fè lite kont zak ensekirite ak enstabilite nan peyi Ayiti. Mwen mande Prezidan Joe Biden, Nasyonzini yo, ak kominote entènasyonal la pou yo travay kole kole ak otorite Ayisyen yo pou yo ka mete fen nan atwosite sa yo," yon deklarasyon **Reprezantan Marie Paule Woodson (D-Hollywood)**.

"Mwen choke anpil lè mwen aprann asasina Prezidan Moïse ak tantativ asasina sou Premyè Dam Moïse. Mwen swete Premyè Dam la Martine Moïse yon guerizon rapid, e mwen prezante bay fanmi Prezidan an, yon sensè kondoleyans. Sa se yon moman gwo ensètitud pou moun yo nan peyi Ayiti ak pou dyaspora Ayisyen an. Mwen kanpe avèk yo kounye a e map kontinye kanpe avèk yo pandan yo ap avanse sòti nan moman ajite sa," yon deklarasyon **Reprezantan Omari Hardy (D-West Palm Beach)**

###